

7 konsèy pou

Rete an sekirite



CHANJE PARAMÈT KONFIDANSYALITE

konsa, se sèlman fanmi ak zanmi w ki ka wè enfòmasyon w yo. Aksepte sèlman demann zanmi moun ou konnen.



PA PATAJE FOTO, VIDEYO, OSWA ENFÒMASYON PÈSONÈL

paske imaj ak kontni yo ka rete sou entènèt pou tout tan. Pa janm pataje imaj oswa videyo ou pa ta vle fanmi w, pwofesè w, oswa yon etranje wè.



PA JANM VOYE LAJAN

bay yon moun sou entènèt sof si w t ap tann demann lan.

(Ajans gouvènman yo, ki gen ladan lapolis, Sekirite Sosyal, USCIS, elatriye p ap mande lajan pa telefòn, mesaj tèks, oswa rezo sosyal.)



PA JANM AL RANKONTRE

an pèsòn yon moun ou te rankontre sèlman sou entènèt.



BLOKE NENPÒT MOUN K AP MENASE MOUN SOU ENTÈNÈT

konsa yo pap ka kontakte w ankò oswa wè enfòmasyon w yo.



PALE K YON ADILT OU FÈ KONFYANS

sou nenpòt abi sou entènèt pou yo ka ede w.



RAPÒTE ABI SOU ENTÈNÈT

lè w pale ak yon adilt epi rele 9-1-1 pou fè yon rapò lapolis.